

“Men, mwen deja gen yon
recho ki mache!”



“Men, mwen deja gen yon recho ki mache!”

Men sa pou di:

Pou Recho Mirak la:

Wi, mwen konprann. Ki moun ki ta vle ranplase yon bagay ki toujou mache? Men, fòk nou konsidere ekonomi ki gen nan yon recho efikas. Recho chabon efikas nou yo kapab fèw economize jiska 40% nan depans chabon ou a. Wap fè ekonomi jiska 120 HTG pa mwa. Se konsa, li peye pou tet li e ou ka ekonomize lajan. Eskew pa tap santiw byen lèw konnen wap sere lajan ke ou ka itilize pou fanmi ou nan lòt fason?

Pou Recho Gaz Blan:

Wi, m konprann, ki moun ki ta vle ranplase yon bagay kap mache? Men, eskew konn itilize yon recho ki sèvi ak gaz blan? Moun renmen yo paske yo limen imedyatman epi ou ka kwit manje pi vit. Se pa sèlman sa, kontrèman ak chabon, ou jis fèmenl, donk pa gen okenn chabon ki gaspiye lèw fin fè manje e ou pa respire lafimen.

“Lanp Enèji Pwòp la twò
piti pou klere kay mwen
an.”



“Enèji Pwòp la twò piti pou klere kay mwen an.”

Eseye sa pito

Wi, lanp sa piti vre, men li bay plis limyè ke ou te espere. Li pa ka klere tout kay la net, me si ou mete li nan mitan yon chanm li ka klere li plis pase yon lanp kewozèn. Se pa sèlman sa, li san danje epi li pòtab. Si ou bezwen soti lannwit, jis pran li. Sa ki pi enpòtan se ke ou ekonomize lajan apre kèk mwa. Pri mwayèn yon tet gridap kewozèn se apeprè 5 goud pa jou. Ak lanp sa, ou sispann peye pou kewozèn epiw kòmanse ekonomize lajan nan 3 mwa.

“Limye sa pap ka chaje
telefon mwen.”



“Limye sa pap ka chaje telefon mwen.”

Men sa pou di:

Wi, fonksyon prensipal lanp sa se pou de bagay, ranplasman tèt gridap e yon limyè pòtab. Kounye a sa pral depann ki sa ki pi enpòtan pou ou, ekleraj oswa chaje telefòn. Si se ekleraj e ou gen yon lòt opsyon pou chaje telefòn ou, petèt pwodwi sa ap bon pou ou. Si chaje telefòn ou reyèlman enpòtan, konsidere yon lòt nan pwodwi nou yo, ki ka bay tou de.

KONSEY: Si pri a se yon obstak epi wap ofri Lokasyon, kòmanse eksplike opsyon sa yo. Sèvi avèk sit vandè ou a.

“Mwen bezwen yon flach modèl.”



“Mwen bezwen yon flach modèl.”

Men sa pou di:

Bon, ou gen chans, nou gen pwodwi ki fè sa, selman li fèt diferan. Lanp Enèji Pwòp yo bon, espesyalman pou sa paske li adapte parfètman nan men ou. (Montre kouman ou kenbe li kòm yon flach). Se pa sèlman sa, depi ou reve kote ou prale a, ou ka toujou jwenn yon kwok oswa branch pye bwa pou kwoke li an sekirite, oswa tou senpleman mete li fas atè (demonstrasyon). Sa trè difisil pou fè ak yon flach tradisyonèl.

“Mwen jis pa kapab peye li”



“Mwen jis pa kapab peye li”

Men sa pou di:

KONSEY: Montre kliyan an fèy pou kalkile ekonomi enèji ki soti nan sit vandè a.

Mwen konprann konpletman, mwen te la deja tou. Men, bagay la se ke, ou deja peye pou ekleraj. An reyalyite, chak ane w depanse plis nan kewozèn ke yon Ti Powa e menm twa fwa plis si wap konpare ak yon lanp Enèji Pwòp.

KONSEY: Si wap ofri opsyon Lokasyon, eseye sa:

Men, konpayi nou an pa sèlman la pou vann pwodwi; nou isit la paske nou panse ke pwodwi sa yo bon pou Ayiti, anviwònman an ak kominote nou a. Se pou sa gen nan revandè nou yo ki ofri w opsyon Lokasyon, konsa ou ka itilize lajan ou deja ap depanse nan enèji pou yon pwodwi ou vle pandan wap sèvi ak li. Wap kontinye ekonomize lajan ekleraj ak enèji pou kwit manje lontan aprè ou fini peye pou atik ou yo. Verite a se ke pwodwi sa yo fè ou ekonomize lajan pandan wap diminye oswa elimine chabon ak depans kewozèn. Bon, kite m montre w kouman Lokasyon la mache! Konbyen anjeneral ou depanse nan kewozèn chak semèn? (Pase nan opsyon Lokasyon nan sit vandè a).

“Mwen deja gen kouran ke
EDH bay”



“Mwen deja gen kouran ke EDH bay”

Men sa pou di:

Wi, mwen konprann, mwen gen fanmi ki gen (oswa mwen menm gen) EDH, men yo jwenn blakawout. Ou konn jwenn blakawout pafwa? Mwen konnen sa, pafwa gen plis blakawout pase gen kouran. Anpil moun gen pwodwi sa yo jisteman pou sitiyasyon sa paske nou tout konnen ki jan kouran sa enfidèl. Eske li pa tap bon pou w gen limyè avek ou lè yo pran kouran? Lari yo fe nwa lannwit, e se pi mal pandan yon blakawout. Gwo avantaj nan _____ ak _____ se ke ou ka pote limyè ou avew.

Lèw genyen limyè pòtab sa ede kenbe w an sekirite andedan ak deyò lakay ou.

“Kouman yon oswa kèlke limyè ede anviwònman an?”



“Kouman yon oswa kèlke limyè ede anviwònman an?”

Men sa pou di:

Chak ti jès ka ede, men plis ke sa, w ap ede lòt moun fè menm bagay la. Lè zanmi w ak fanmiw wè etap sa yo ou pran pou anviwònman an e fanmi ou, petèt yo pral enspire pou yo rantre nan fanmi EP a. Desizyon ou pran an pa sèlman pote sante imedyà ak benefis ekonomi nan fanmi ou, li montre tou ke ou kwè nan lide a. Sa ap miltipliye benefis chwa ou anpil!

Pou lanp: Epitou, bon jan kalite vle di dirabilite e li pral dire anpil tan. Ou pa gen pou chanje yo souvan oubyen fè plis fatra tankou limyè tradisyonèl yo.

Pou recho: Nou tout konnen zafè debwazman an Ayiti men pyebwa yo koupe pou fè chabon detwi rasin yo ki kenbe tè a nan peyi a. Sa vle di gwo lapli lave tè a pote desann anba mòn yo sa ki lakòz deboulonnaj ak ewozyon tè. Sa a lave tout eleman nitritif ki genyen nan tè a ki nesèsè pou grandi manje. Li se yon pèt, pèt, pèt

Mwen konnen ke anpil moun konte sou chabon pou fè manje men nou bezwen gade fason nou ka diminye itilizasyon chabon. Recho Enèji Pwòp yo fè sa. Yo ofri le de yon altènativ chabon ak yon recho efikas ki diminye kantite chabon ou bezwen pou kwit manje.

“Yo ka vole pano sole a.”



“Yo ka vole pano sole a.”

Men sa pou di:

Ou gen rezon, pa gen okenn garanti kont vòl, malerezman. Sa mwen ka di ou nan ka sa, se ke pano sa yo trè mens e yo fasil a ranje. Vòl la fasil lannwit lè pano yo pa itilize. Nou rekòmande debranche pano a e pote l nan yon kote ki an sekirite nan kay ou nan lannwit. Gen kèk moun ki deziyen travay sa a ak yon pitit gason oswa pitit fi kòm yon nan travay yo oswa mete yon tan egzak pou yo pote l pou yo pa bliye. Sa a pral pwoteje li tou pou li pa kase oswa pou timoun pa fè frape ladan!

“Men, mwen pa gen pwoblem
avek lanp kewozèn mwen an.”



“Men, mwen pa gen pwoblem avek lanp
kewozèn mwen an.”

Men sa pou di:

Byen si, mwen te santi m menm jan an anvan mwen te kòmanse cheche konnen plis de pwodwi sa yo. Men, se pa sèlman ke pwodwi solèy fè ou ekonomize anpil lajan. Kewozèn aktyèlman danjere pou sante ou ak fanmi ou. Nou tout konn tande de aksidan difè a koz de flanm difè e nou konnen ki jan yo fè je nou fè dlo. Men, eske ou te konnen tou ke lè ou sèvi ak lanp kewozèn li aktyèlman degage pwodwi chimik nan lè a ke fanmi ou ap respire? Syantis fe rechèch sou a. Si ou fè lavi ou ap sèvi avek pwodwi ekleraj kewozèn andedan kay ou, se tankou ou te fimen de pake sigarèt pa jou. Ou ka pa reyalize sa, men lanp kewozèn konplis nan enfeksyon nan poumon ak lòt maladi ki ka koute ou lajan e depans sante.

Sak bon nan ekleraj modèn solè a, se ke li pa yon danje pou fanmi ou, li pap kòz difè e ou ekonomize lajan.



A large orange speech bubble with a white interior and three horizontal lines for text. The bubble has a tail pointing downwards towards the silhouette of a woman's head.



Men sa pou di:

Blank lined area for writing, enclosed in an orange border.



Men sa pou di:

Blank lined area for writing, enclosed in an orange border.



Men sa pou di:

Blank lined area for writing, enclosed in an orange border.



Men sa pou di:
